



Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE YON AVÈTISMAN POU KONSOMATÈ YO SOU YON BÒG NAN FACETIME YO RAPÒTE K AP KITE MOUN FÈ ESPYON SOU ITILIZATÈ YO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon avètisman pou konsomatè k ap avèti Nouyòkè yo sou yon bòg nan aplikasyon FaceTime Apple la ki [dapre sa yo rapòte](#) kite itilizatè yo resevwa odyo ak videyo sòti sou aparèy moun y ap rele a anvan menm moun nan aksepte oswa rejte apèl la. Gouvènè a konseye itilizatè FaceTime yo pou yo pwovizwaman dezaktive aplikasyon an jiskaske Apple sòti yon koreksyon.

“Bòg FaceTime nan se yon vyolasyon vi prive flagran ki mete Nouyòkè yo an danje”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan New York, nou pran dwa konsomatè yo trè oserye epi mwen santi m trakase anpil poutèt bòg iresponsab sa a yo kapab eksplwate nan objektif malonèt. Lè nou konsidere bòg sa a, mwen konseye Nouyòkè yo pou yo dezaktive aplikasyon FaceTime yo an jiskaske vin gen yon koreksyon ki disponib, epi mwen ankouraje Apple sòti koreksyon an san pèdi tan.”

Dapre rapò medya yo, bòg FaceTime nan prezan sou aparèy k ap mache avèk iOS 12.1 oswa vèsyon ki vin apre yo. Itilizatè yo kapab pwovizwaman dezaktive aplikasyon FaceTime nan jiskaske gen yon koreksyon ki sòti. Pou dezaktive aplikasyon an, ouvè paramèt yo, chwazi FaceTime epi apre sa pouse bouton an nan pozisyon etenn.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)